# Иры бœрзонд стъалы: Хетœгкаты Къостайы 160 азмœ.

Сценœйы фœелгонц:

1)Хетœгкаты Къостайы суроет.

2)Ныхас аразын. Кау, дуртœ, бадœнтœ.

(Музыкœйы зœлтœ.Рацœуы цухъаты Къоста.Сценœйы астœуœй œрлœууы.

Къоста: Мыггагœй мœ ма фœрс,
Уœздан лœг нœ дœн;
Мœ уындмœ мын ма кœс,-
Нœ бœззын чызгœн.
Мœ хœдон-четанœй,
Мœ куырœт-кœттаг,
Мœ цухъа-цъœх тынœй ,
Нœхи хохбœстаг.
Нымœтхуд, œрчъитœ,
Мœ ронбаст – уœрдœх.
Фœрсыс ма мœ: Чи дœ?
Уœд байхъус дзœбœх!...





Къоста фœстœмœ фœцœуы. Музыкœ хъуысы œмœ дыуусœ кœсœджы размœ рацыдысты:

1-аг кœсœг: 1859азы 15 октябры нœ диссœджы рœсугъд хохбœсты астœу, зœронд Нары хъœуы номджын œхсœны лœгœн Хетœгкаты Леуанœн райгуырди  лœппу.

2-аг кœсœг: Нары хистœртœ йыл сœвœрдтой ном –Къоста. ( Музыкœ фœтыхджын).

1-аг кœсœг:Саби нœ бафсœст мады адджын хъœбысœй.Гуыбиаты Мœринœ  йœ сабийœн рухс радта, фœлœ йœхœдœг….

Рахыст Къоста зарœг «Ныййарœгœй  амонд» -мœ..

Къоста:  Тœхудиаг буц хъœбулœй

Йœ уалдзœджы царды хурœй

Чи бафсœст йœ мады хъœбысы…

Къоста œрбадт бандоныл.

************************

1-аг сывœллон: Ды куы уаис, куыд бирœ мœ уарзис.

Œмбарис дœ фырты зœрдœ,

Тыхмитœ, фыдœй йœ, цœргœсау,

Ды хъахъœнис царды бœргœ.

2-аг сывœллон: Цыма дзы кœцы у мœ мады œнгœс,

Цыма дзы кœмœн ис мœ мады хъœлœс?

Йœ цин œмœ  уарзтœй .

Цыма дзы кœцы у мœ мады œнгœс?

***********************

3-аг с. Нœ ахызт дœ иувœрсты амœндтœ уарœг-

Дœуау фœрнджын Иры нœма уыди мад;

Ирыстоны намыс –Къостайы ныййарœг.

Сыгъдœг удты фарсмœ дзœнœты фœбад.

*******************

4-с. Хъысмœты цалх дыл разылди кœд хинœй,

Уœддœр дœ амонд разынди къœдзœх:

Нœ бафсœст хъœбулы амонд, цинœй.

Дœ фырты цинœй бафсœст Иры зœхх.



2-аг кœсœг: Къоста... чи нæ зоны ацы ном Ирыстоны? Ацы номимæ кæй зæрдыл не рлæудзысты "Ирон фæндыр" – ы зæлланг зарджытæ?.. Къостайы хъуыдытæ сæрибарыл, йæ зæрдæйы сагъæстæ царды тых æмæ хъару лæвæрдтой фæллойы фарн удирвæзынгæнæг кæмæн уыд, уыцы адæмæн, дзылæтæн. Уымæн æй хонæм "нæхи Къоста".

« Ирон фœндыр» нœ Иры ныфс,
«Ирон фœндыр» нœ Иры рыст,
Зœрин хурау Къостайы ном.
Къœдзœхы риуыл фыст.

*************

« Ирон фœндыр» мне не забыть во век,
Поэт-боец, ты смело шел на муки.
Чтоб счастлив был, свободен человек

Не знали горе сыновья и внуки....
*****************

Ты и природу мог на битву звать....
К родным горам ты обратился гневно:
Гореть вам горы, нужно, не молчать:
Ты ожил вновь...И голос твой напевный
Звучит в сердцах...Стихам твоим звучать.
Покуда сердце будет нам сиять.
*****************

5-с. Нæ Иры фæсивæд Къостайыл ныззарæм,
Ирон лæг кæй уарзы фылдæр?
Нæ хуыздæр ныхæстæй йæ хорз ном ыссарæм.
Уый махæн æгас у нырдæр.
******************

6-с. Къоста Уæлладжыры комы.
Рæсугъддæр хъæу Нар.
Уым райгуырд Леуанæн..
Рæсугъд лæппу дзуар.
****************

7-с. Уыди уый æцæг дæр.
Хæххон дзуары 'нгæс.
Уый нарæн фæцыди,
Фыййау-уæлгæс.
*************

8-с. Æххормаг, мæгуырæй,
Æрвыста йæ цард.
Уæддæр та иу райхъуыст,
Йæ диссаджы зард.

1-аг кœсœг: Къоста – ирон адæмы хурты хурзæрин, æнустæм æрттиваг стъалы, ирон адæмы ныфс, кад, намыс, национ литературæ, культурæ æмæ аивады бындурæвæрæг. Къостайы хъæздыг, æгæрон хæзнадоны ад чи банкъардта, уыцы адæмты хсæн удыгас цыртдзæвæнау цæры Хетæджы фырт йæхæдæг дæр. Абон, кæфты мæйы фынддæсæм боны, сæдæ œхсай азы сæххæст Иры уарзон хъæбул Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы райгуырдыл. Алы аз дæр Кæфты мæйы фынддæсæм бон уæлдай циндзинад æрхæссы ирон адæмæн.

2-аг кœсœг: Æхсарджын зæрдæйæ æвзæрынц æхсарджын рæнхъытæ: Весь мир –мой храм! Любовь- моя святыня! Вселенная – Отечество мое! Райгырæн бæстæмæ уарзондзинад Къостайы зæрдæйы арф æрбынæттон кодта. Поэт гуманист уарзы æппæт адæмы, фæлæ се`ппæтæй фылдæр та йæ ирон адæмы. Генион поэты æмбисонды цыртдзæвæн "Сидзæргæс" у зæрдæйы æнусон хъæрзын, сидзæрты дзыназын, хистæр фæлтæры марой.

***СИДЗÆРГÆС***



Халон баргъæвст сындзыл.
Уад тымыгъ хæссы...
Сау айнæджы рындзыл
Нарыхъæу хуыссы...

Даргъ æхсæв фыдбонæй
Цард удæн хуыздæр...
Рухс цæуы кæронæй, —
Бадынц ма кæм дæр...

Иу зæронд ыскъæты, —
Тас хъæуы уæлдай,
Аззади фæсфæды
Ацы бæстыхай, —

Ма дис кæ йæ бадтыл! —
Цуайнаджы уæлхъус
Архайы йæ артыл
Иу саударæг ус.

Артдзæсты кæрæтты,
Фæныкмæ æнгом

Бадынц сывæллæттæ, —
Чи бæгънæг, чи гом...

Уазал æмæ стонгæй
Бирæгъ дæр тæрсы, —
Удхæссæг æввонгæй
Ахæмтыхæссы...

— Ма кæут, мæ хуртæ, —
Дзуры цæм сæ мад, —
Афыцой хъæдуртæ...
Абадут æнцад!..



Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...
Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй...

Хъуырмæ схæддзæ хъарæг:
«Дудгæ фæбада
Зæйы был нæ дарæг,
Мах чи фæсайдта!..

Фондзæй уæ ныууагъта
Иу ныййарæгæн, —
Мады зæрдæ скъахта, —
Царæфтыд фæдæн!..

Зондæй мыл фæтых дæ,
О, мæ лæджы хай, —
Сидзæртæй фæлыгътæ
Ингæнмæ тæргай!..

Буц хъæбул дæм дзуры, —
Сфæлмæцыд йæ мад, —
Махæн дæр дæ цуры
Сцæттæкæ бынат!»

Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй...
Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...

Бафæлладкæуынæй
Бинонты кæстæр, —

Къонайыл æрфынæй
Адæмы хуызæр!

Иууылдæр дæ адыл
Тулдзысты, фæлæу! —
Стонг æмæ фæлладыл
Тых хуыссæг кæм нæу!..

— О, гыцци кæд уыдзæн?
Райс-ма, цæй, дæ аг!..
-Абадут!.. Фæуыдзæн
Алкæй дæр йæ фаг...

Аг кæлы йæ былтæй, —
«Хъæдуртæ» фыцынц...
Алы ран тымбылтæй
Сидзæртæ хуыссынц...

Стонг æмæ кæуынæй
Лæг куы сфæлмæцы,
Тарф у уæд йæ фынæй, —
Маст æм нал хъуысы.

Лыстæнмæ цæ хаста
Мад йæ хъæбулты,
Адæрсгæ цæ нуæрста
Алы бызгъуырты...

Скодта цæ рæбынæй,
Дæлфæдтæм æрбадт...
Гъай-да-гъа! Кæуынæй
Нал æфсæст сæ мад!..

Сидзæртæн хъæдуртæ
Се хсæвæр хуыдта,
Афтæмæй цын дуртæ
Цуайнаджы фыхта:

Афыцын æфсоны
Байрох уа сæ хæрд...
Стонг æмгъуыд йæ зоны,
Иу сайд ын æгъгъæд!..

1-аг кœсœг:.Къоста стыр аргъ кодта сывæлæттæн.Ныффыста сын бирæ æдзæвгæтæ: «Уасæг», «Фæззæг», «Зœрватыкк», «Œрра фыййау».

### *УАСÆГ*

О, уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О, уасæг, уасæг,
Сырхзæлдаг боцъо!

Куыд раджы фестыс,
Куыд хъæрæй зарыс?
Нæ буц лæппуйы
Хуыссын нæ уадзыс!

********

### *ФÆЗЗÆГ*

Æхсæлы ызгъæлы,
Лæджирттæг фæбур...
Мигъ бады цæгаты, —
Нæ йæ тавы хур...

Æркарстам, æрластам
Нæ хортæ, нæ хос...
Чи кусы йæ мусы,
Чи ’лвыны йæ фос...

Хор бирæ, фос бирæ
Хуыцауы фæрцы...
Нæ хохбæсты бæркад,
Цы диссаг дæ, цы!..

*************

### *ЗÆРВАТЫКК*

Зæрватыкк — æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!
Дæ зарæг — нæ дарæг,
Нæ уалдзæггæнæг!

Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй
Фæхæтай фæрнæй
Нæ хæхты, нæ бæсты,
Æлдар кæмæн нæй!

****************

***ÆРРА ФЫЙЙАУ***

Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фыййау,
Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд къуымбилау.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, -
Тæккæ былгæрон,
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ:
«Агæпп æм кæнон, -

Загъта, — фос уал ам мæ сæрмæ
Хизæд уæзæгыл,
Æз фæхуысдзынæн изæрмæ
Уыцы бæмбæгыл...»

Дардыл йе уæнгтæ фæхаста, -
Гъопп! — зæгъгæ, йæхи
Пуртийы зыввытт фæласта...
Лæг ныххæррæгъ и!



2-аг кœсœг:Адæм хорз зыдтой Къостайы æмдзæвгæтæ, кæсынæй сæ не фсæстысты, къухфыстытæй сæ лæвæрдтой кæрæдзимæ. Арæзтой сæ зарджытæ. Зарæг «А-ло-лай!».

**А–ЛОЛ–ЛАЙ!**

Къух дæ ауызын фæразы...

Мæй дæ авдæнимæ хъазы.

Стыр лæг мын ысуай!..

А–лол–лай!..

Ракæндзынæн дын мæ зарæг...
Искуы кæд ысуис мæ дарæг,
Урс уæрыкк дын уон!..
О, мæ бон!..

Зындонæй фыддæр нæ цæрæн...
Нал у ныр дæ фыд йæ сæрæн
Сау хæххон куыстæй...
Ахуысс,цæй!..

Искуы мын куы схъомыл уаис,
Уæд ды дæр дзы цух нæ заис,
Бирæ мын цæрай!..
А–лол–лай!..



Скæнис хъугдзармæй æрчъитæ,
Къахис митбынæй мæхъитæ,
Стонг æмæ сыдæй...
Ахуысс, цæй!..
Сугтæ мын хæссис æргъомæй...
Бадзурин дæм уæд æргомæй:
Мады зæрдæ зон,
О, мæ бон!..

Бадзурин дæм: уарз нæ бæстæ,
Ма цæ суæлдайкæ нæ фæстæ,
Ма цæ бафæллай!..
А–лол–лай!..

2-аг кœсœг: Къоста фыста: «Æз дæн нывгæнæг æмæ адæмон поэт».Уæвгæ та уыд стыр адæмон поэт, прозаик, драматург, критик æмæ публицист, историк æмæ тæлмацгæнæг, нывгæнæг, этнограф æмæ зарæггæнæг . Йæ размæ æвæрдта егъау хæстæ.

«Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин,
Арвмæ куы хъуысид мæфæндыры хъазт,-

Дунеты се*ппæт махимæ æрхонин,

Радзурин уыдонæн зæрдæйы маст.»

Къоста фыста: «Æз мæ дзырдтæй сæудæджер никуы кодтон, мæ фыстытæй иу рæнхъæн дæр æхца никуы никæмæй райстон æмæ фысгæ дæр , фыссон æмæ мыхуыр кæнон , зæгъгæ, ахæм зондæй нæ кæнын, бирæтæ куыд кæнынц, афтæ. Нæ! Ахæм фыстæн мæ йæ кад дæр нæ хъæуы æмæ йæ пайда дæр... Æз фыссын ,мæ рыст зæрдæйы уромын цы нал фæфæразын, уый».

Æмдзæвгœ«Катай».

Мæ хæлар, мæ уарзон, æнæзонгæ уарзон!

Цы номæй дæм бадзурон, уый ма мын зæгъ?..

Мæ зæрдыл дæ дарын цы ныфсæй фæразон,

Мæ райгуырæн бæстæ, мæ фыдæлты зæхх?

Мæ райгуырæн бæстæ! Дæ айнæг къæдзæхæй,

Дæ фидар, фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын...

Мæ хæлар, мæ уарзон! Дæлзæххæй, уæлзæххæй,

Кæмдæриддæр дæ, – тагъд мæ хъæрмæ фæзын!..

Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, – куы бамбæхсай барæй,

Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..

Мæ мæгуыр Ирыстон! Æрцæуæг æлдарæй,

Тыхгæнæг хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт?

Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй,

Æууæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар?..

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,

Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..

1-аг кœсœг: Къоста æнусы* рдæг дæр нæ ацард. Авд æмæ дыууиссæдз азы æдæппæт... Нал ын бантыст бирæ хъуыддæгтæ : йæ хæдзар æрдæг арæзтæй баззад, йæ уарзон чызг – куырдуаты, йе скъола – æхгæдæй. Фæлæ йе*ппæт сфæлдыстадæй абон дæр лæггад кæны Иры дзыллæтæн , рухс кæны фæлтæрты фæндæгтæ амонд æмæ рæстдзинадмæ, кад æмæ намысмæ.

Зарœг «Коста».

2-аг кœсœг: Ирон адæммæ уыди æртæ хæзнайы: фыдæлты зæхх, мадæлон æвзаг æмæ ирон æгъдау. Нæ зæхмæ нын лæбурынц, не`взаг нæ къæхты бын фæци, æгъдау ферох кодтам. Æвæдза куыд раст фыста Къоста:

Лæджы хуызæн лæг нæм — ыстæм,
Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг? —

Ирон кафт.





